



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI LEGALIZE UTILIZASYON KANABIS POU GRANMOUN

*Li reyalize yon eleman kle nan ajanda Eta a Leta a pou ane 2021 an*

*Lejislasyon (S.854-A/A.1248-A) etabli Biwo Jesyon Kanabis la; Elaji pwogram marigwana medikal ki deja egziste nan New York la; Etabli yon sistèm lisans; ak kreye yon pwogram ekite sosyal ak ekonomik k ap ankouraje moun yo ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa aplikasyon kanabis pou patisipe nan endistri a*

*Koleksyon taks prevwa rive jiska 350 milyon dola chak ane epi kreye potansyèlman 30,000 a 60,000 djòb*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.854-A/A.1248-A) ki legalize itilizasyon kanabis pou granmoun, sa ki reyalize yon eleman kle nan ajandan Eta Leta li a pou ane 2021 an. Pwojè lwa sa a vini apre Gouvènè a, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie te anonse dimanch 28 mas pase a, ke yo te jwenn yon akò sou lejislasyon an. Pwojè lwa a etabli Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) pou aplike yon kad règlemantè konplè ki kouvri chanv medikal, ak itilizasyon kanabinoyid pou granmoun. Pwojè lwa a elaji tou pwogram marigwana medikal ak pwogram chanv kanabinoyid ki deja egziste nan eta New York yo. Lejislasyon an bay lisans pou pwodiktè, distribitè, detayan marigwana yo, ak lòt aktè nan mache a Kanabis la, ak kreye yon pwogram ekite sosyal ak ekonomik pou ede moun ki afekte yo yon fason ki pa pwopòsyonèl pa aplikasyon kanabis ki vle patisipe nan endistri an.

Devlopman yon endistri kanabis pou granmoun itilize nan Eta New York nan kad lejislasyon sa a gen potansyèl pou kreye gwo opòtinite ekonomik pou Nouyòkè yo ak pou Eta a. Koleksyon taks k ap soti nan pwogram kanabis pou granmoun yo itilize a prevwa rive nan 350 milyon dola chak ane. Anplis de sa, gen potansyèl pou nouvo endistri sa a pou kreye 30,000 a 60,000 nouvo djòb toupatou nan Eta a.

"Sa se yon jounen istorik nan New York - youn ki korije erè tan pase yo lè li mete fen nan desizyon sevè pou mete moun nan prizon, ki anbrase yon endistri ki pral devlope ekonomi Empire State la, epi priyorize kominote ki majinalize yo dekwa pou sila yo ki te souffri pi plis yo se pral premye moun ki ap rekòlte avantaj yo". **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa te youn nan priyorite prensipal mwen nan ajanda Eta leta ane a epi mwen

fyè dèske refòm jeneral sa yo adrese ak ekilibre ekite sosyal, sekirite ak enpak ekonomik itilizasyon legal kanabis pou granmoun. Mwen remèsye ni Lidè ak Pòt pawòl la, ak pwomosyon san fatig sitèlman anpil moun dèske yo te ede rann jounen istorik sa a posib."

"Jodi a, New York te entèveni epi li te pran mezi transfòmasyonèl pou mete fen nan entèdiksyon sou itilizasyon marigwana pou granmoun", **Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare.** "Lejislasyon sa a se yon premye pa konsiderab nan adrese disparite rasyal yo, ke lagè kont dwòg la lakòz, ki te ravaje Eta nou an pandan twò lontan. Efò sa a te pran anpil ane an devlopman epi nou te finalman atenn sa anpil moun te panse ki te enposib la, yon pwojè lwa ki legalize marigwana pandan li ap kanpe pou ekite sosyal, amelyore edikasyon ak pwoteje sekirite piblik. Mwen aplodi Senatè Liz Krueger ak Lidè Majorite Asanble Leader Crystal Peoples-Stokes pou angajman ak lidèchip yo a sou kesyon sa a".

"Adopsyon pwojè lwa sa a pral vle di pa sèlman legalize marigwana, men tou sa vle di investi nan edikasyon ak kominote nou yo, epi li mete fen nan plizyè deseni kote yo te ap sible moun koulè yo yon fason dispwopòsyonèl anba lwa sou dwòg nan nivo Eta a ak nan nivo federal", **Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare.** "Mwen remèsye Lidè Majorite a, Crystal Peoples-Stokes pou plizyè ane li yo nan pwomosyon ak efò pou fè pwojè lwa sa a yon reyalyte. Kòlèg mwen yo avèk mwen te konnen li te enpòtan pou nou fè sa yon fason ki kòrèk - yon fason ki tap gen ladan sila yo te sible yo epi ke yo te ekskli souvan nan pwosesis la. Kounye a, endistri legal sa a pral kreye djòb nan tout Eta nou an, gen ladan pou sila yo ke lavi yo te boulvèse akòz plizyè ane nan lwa enjis sou dwòg yo."

"Mwen santi m touche, fyè ak onore anpil dèske nou te adopte Lwa sou Taksasyon ak Règleman Marigwana (Marijuana Regulation and Taxation Act) avèk patenè mwen yo nan gouvènman an, Senatè Liz Krueger ak Gouvènè Cuomo. Inisyativ jistis sosyal sa a pral bay ekite pou transfòme yon fason pozitif kominote defavorize moun koulè yo pou debon", **Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare.** "Mwen kwè ke pwojè lwa sa a kapab sèvi kòm yon modèl pou lòt Eta alavni ki ap chèche legalizasyon enklizif pou kanabis. Mwen tap repwoche tèt mwen si mwen pa ta remèsye tout fanmi mwen, kòlèg yo, defansè yo ak sipòtè yo pandan plis pase 8 long ane."

Gouvènè a te ajoute legalizasyon itilizasyon kanabis pou granmoun nan dènye twa pwopozisyon bidjè li a.

Lwa sou Règleman & Enpo Kanabis/Mariwana (Cannabis/Marijuana Regulation & Taxation Act) Eta New York la gen dispozisyon ki an apre yo:

### **Etabli Biwo Jesyon Kanabis la**

Biwo Jesyon Kanabis la pral gen responsabilite pou aplike yon kad règlemantè konplè k ap regle chanv kanabinoyid medikal pou granmoun itilize. Li pral gouvènè pa yon konsèy ki gen senk manm, ak twa manm ki nonmen pa Gouvènè a ak youn ki nonmen

pa chak chanm. OCM pral yon biwo endepandan k ap opere kòm yon pati nan Otorite Alkòl Eta New York (New York State Liquor Authority) la.

### **Kanabis Medikal**

Lejislasyon an pral pèmèt moun ki gen yon lis kondisyon medikal ki pi long jwenn aksè ak marigwana medikal, ogmante kantite moun kap bay swen yo pèmèt pou chak pasyan, ak pèmèt kiltivasyon kanabis medikal adomisil pou pasyan yo.

### **Itilizasyon Kanabis pou Granmoun**

Lejislasyon an pral kreye yon estrikti lisans nan de nivo ki ta pèmèt yon gwo seri pwodiktè pou separe kiltivatè ak transfòmateur sa yo pou yo pa posede magazen ki vann an detay. Lejislasyon an kreye lisans pou pwodiktè ak distribitè yo, pami lòt antite yo, epi lejislasyon an pral aplike kontwòl kalite ki estrik, pwoteksyon sante piblik ak pwoteksyon konsomatè yo. Yon pwogram ekite sosyal ak ekonomik pral fasilite moun ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa aplikasyon kanabis, ki gen ladan kreye yon objektif 50% lisans ki dwe ale nan direksyon antrepriz komèsyal ke minorite a oswa fanm yo posede, oswa kiltivatè ki an detrès yo oswa veteran ki andikape yo pou ankouraje patisipasyon nan endistri an.

Pwojè lwa a egzekite yon nou estrikti taks sou kanabis ki pral ranplase yon taks ki baze sou pwa avèk yon taks pa mg sou tetraidwokanabinòl (tetrahydrocannabinol, THC) nan pousantaj nivo distribitè a depandaman de tip pwodwi final yo. Yo pral deplase taks aksiz an gwo a pou ale nan nivo vant an detay ak yon taks aksiz Eta ki evalye a 9 pousan. Pousantaj taks aksiz lokal la pral 4 pousan nan pri an detay la. Konte yo pral resevwa 25% nan revni lokal taks an detay la epi 75 pousan pral ale nan minisipalite a.

### **Chanv Kanabinoyid**

Lejislasyon an pèmèt vant flè chanv nan pwogram chanv kanabinoyid la, ak pèmèt sou fòm pou yo kapab fimen sèlman lè magazen ki vann an detay pou granmoun yo itilize yo operasyonèl.

### **Revni taks sou Itilizasyon Kanabis pou Granmoun**

Yo pral depoze tout taks kanabis yo nan fon revni kanabis eta New York la. Revni an kouvri depans rezonab pou administre pwogram nan epi aplike lwa a. Finansman ki rete a pral divize twa fason:

- 40 Pousan nan Edikasyon
- 40 Pousan nan Fon Re-estatisman Sibvansyon Kominotè (Community Grants Reinvestment Fund) a
- 20 Pousan nan Fon pou Tretman Dwòg ak Edikasyon Piblik (Drug Treatment and Public Education Fund) la

### **Refi Minisipal**

Vil yo, bouk yo, ak vilaj yo ka refize pèmèt dispansè vann kanabis an detay pou granmoun itilize oswa lisans konsomasyon sou sit nan adopte yon lwa lokal disi 31 desanm 2021 oswa nèf mwa apre dat lejislasyon an antre an vigè. Yo pa ka refize legalizasyon itilizasyon pou granmoun nan.

## **Sekirite Sikilasyon**

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pral travay avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo pou mennen yon etid rechèch kontwole ki fèt pou evalye metodoloji yo ak teknoloji yo pou deteksyon kondwit ak kapasite afebli akòz kanabis. Aprè etid rechèch la fini, DOH ka kreye epi aplike règ ak règleman pou apwouve ak sètifye yon tès pou prezans kanaabis nan chofè yo.

Lejisasyon an gen ladan finansman adisyonèl pou ekspè nan rekonesans dwòg ak aplikasyon lalwa pou asire wout ki san danje.

Itilize kanabis pa chofè yo pral rete entèdi epi li pral sibi menm penalite yo jan li fè sa aktyèlman an.

## **Posesyon Pèsonèl ak Kiltivasyon Adomisil**

Kondisyon sa yo aplike pou kanabis ke yo plante adomisil ak posesyon pèsonèl kanabis an deyò kay la:

- **Posesyon pèsonèl andeyò kay la:** jiska 3 ons kanabis ak 24 gram kanabis konsantre
- **Posesyon adomisil:** Limit amande sa ke yo pèmèt nan kay la, ke yo dwe kenbe nan yon kote ki an sekirite lwen timoun yo
- **Plantasyon adomisil:** yo pèmèt sa anba pwojè lwa ki sijè ak limit nan posesyon nan yon peryòd 18 mwa apre lavant sou premye itilizasyon pou granmoun yo kòmpanse pou itilizasyon rekreyatif pou granmoun epi li sijè ak règleman Pwogram Medikal la ke yo ap pibliye pa avan 6 mwa:
  - 3 plant ki gen matirite ak 3 plant ki pa gen matirite pou granmoun ki gen plis pase 21 an
    - 6 plant ki gen matirite ak 6 plant ki pa gen matirite maksimòm pou chak kay

## **Jistis Kriminèl ak Sipresyon Kazye Jidisyè**

Yo pral restriktire kad penalite kanabis la pou evite kriminalizasyon yo wè nan entèdiksyon an. Yo pral aplike penalite redwi pou posesyon ak vant.

- Kreye sipresyon otomatik oswa re-kondanasyon pou nenpòt moun ki gen yon kondanasyon anvan ki lye ak marigwana ki ta legal kounye a nan kad lwa ak bay finansman ki nesèsè
- Ajoute Cannabis nan Lwa Lè Pwòp Anndan (Clean Indoor Air Act) an ki etabli yon liy debaz sou ki kote yo ka fimen oswa vaporize kanabis la
- Minisipalite yo ak gouvènman lokal yo gen dwa fè lwa ki gen plis restriksyon pase lwa CIAA a yo. Gen plizyè dispozisyon pou asire ke yo trete kanabis kòm yon sibstans legal ak pou anpeche aplikasyon diskriminatwa

## **Pwoteksyon pou Itilizasyon Kanabis ak Sekirite nan Espas Travay la**

Yo pral entèdi diskriminasyon ilegal e yo pral aplike pwoteksyon sekirite nan espas travay la.

## **Kanpay Sante Piblik ak Edikatif**

OCM pral etabli yon kanpay sante piblik ak edikatif solid ak travay avèk eta ak asosyasyon vwazen yo pou kowòdone mezi ak règleman pou pwoteje sante ak sekirite rejyonal la.

Lejislasyon sa a apiye plizyè ane travay pou konprann epi dekriminalize itilizasyon kanabis pou adilt. An 2018, Depatman Sante a (Department of Health), sou direksyon Gouvènè Cuomo te fè yon etid plizyè ajans, ki te konkli ke enpak pozitif legalizasyon kanabis pou adilt la depase aspè negatif yo nèt. Li te jwenn tou ke entèdiksiyon kanabis la pandan deseni yo pa t rive reyalize objektif sante ak sekirite piblik yo e sa te mennen nan arestasyon ak kondanasyon enjis patikilyèman nan kominote moun koulè yo.

An 2019, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon pou dekriminalize penalite pou posesyon ilegal marigwana a. Lejislasyon an te pwopoze tou yon pwosesis pou efase dosye pou kèk kondanasyon marigwana. Pi ta nan ane sa, Gouvènè a te dirije yon somè plizyè eta pou diskite sou wout vè legalizasyon itilizasyon kanabis pou granmoun ki t ap asire ke sante piblik ak sekirite ak kowòdone pwogram nan nivo rejyonal pou minimize mouvman transfontalye pwodui kanabis yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)